

KHUTBAH IDUL ADHA TAHUN 2021 TENTANG HAJI, KURBAN DAN PANDEMI

Khutbah I

وَ صَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا وَ حَبِيبِنَا الْمُصْطَفَى، مُحَمَّدِنَّبِيِ الْهُدَى، الَّذِي لَا يَنْطِقُ عَنِ الْهَوَى، إِنْ هُوَ إِلَّا وَحْيٌ يُوحَى، وَ عَلَى اللَّهِ وَ أَصْحَابِهِ أَهْلِ الصِّدْقِ وَ الْقِوَافِ. اللَّهُمَّ اجْعُلْنَا مِنْ أَتْبَاعِهِمْ يَأْخُسَانَ إِلَى يَوْمِ الْجَزا.

أَمَّا بَعْدُ: قِبَلَيْهَا الْأَحْوَانِ، أُوصِينُكُمْ وَنَفْسِي بِتَشْوِي اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، يُسَمُّ اللَّهُ الرَّحْمَنُ الرَّحِيمُ وَلَهُ عَلَى النَّاسِ حُجَّ الْأَئِمَّةِ مِنْ اسْتِطَاعَ إِلَيْهِ سَبِيلًا وَمَنْ كَفَرْ فَإِنَّ اللَّهَ عَنِ الْعَالَمِينَ. وَقَالَ أَيْضًا إِنَّ أَعْطِيَكُمُ الْكَوْثَرَ، فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَاحْتَرِمْ. إِنْ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْيَرُ. صَدَقَ اللَّهُ الْعَلِيُّ

Jamaah shalat Idul Adha hadâkumullâh,

Wonten kaleh perkawis ingkang mboten saget lepas kalian Hari Raya Idul Adha, Injih Puniko Ibadah haji kalian Ibadah Kurban. Ananging ibadah-ibadah kolo wau kedah kito lampahi wonten ingdalem kahanan pandemi covid-19 ingkang dugi sakmeniko wekdal dereng reda.

Ketentuan saking Allah Subhanahu wata'ala ingkang kados meniko ampun ngantos ndadosaken semangat spiritual ibadah kita berkurang. Kito kedah yakin bilih situasi ingkang kados meniko tentu wonten hikmah ingkang agung saking Allah Subhanahu Wata'ala.

Kita sedoyo mengertosi akibat covid-19 ingkang melanda dunia wekdal meniko, Jamaah Haji Indonesia tahun 2021 mboten sios dipun budalaken. Tindakan pemerintah ingkang kados meniko mboten lento keranten pemerintah pengen njagi keselamatanipun jiwa jamah haji saking terlulare virus corona.

Pemerintah Arab saudi pun mboten paring ijin dumateng jamaah haji saking luar negeri kagem nglampahi Rukun Islam ingkang nomer gangsal meniko.

Namung warga saudi piyambak kalian warga asing ingkang wonten saudi saat meniko ingkang dipun izinaken nglaksanaaken ibadah haji kanti peraturan lan persyaratan ingkang ketat sanget.

Kagem calon jamaah haji ingkang sedianipun tindak tahun meniko, tentu keputusan meniko ndadosaken kirang sekecanipun manah, sebab dangunipun ngrantos antrean kalian sedoyo jerih payah usaha sampun dipun lampahi damel nglunasi ONH ternyata dumugi wekdalipun tindak, kedah mengalami penundaan.

Namun Ampun supe bilih kejadian ingkang kados meniko anggadahi hikmah ingkang ageng sanget, salah satunggalipun kesabaran kalian Kepasrahan.

Allah subhanahu wata'ala sampun ngendiko wonten Al-Qur'an Surat Al-Anfal ayat 46:

وَاصْبِرُوا إِنَّ اللَّهَ مَعَ الصَّابِرِينَ

“Podo sabaro siro kabeh, saktemene Gusti Allah bareng kalian tiyang ingkang sabar”.

Jamaah shalat Idul Adha Rahimakumullâh,

Salah setunggalipun sikap ingkang paling dibetahaken nalikane nglampahi ibadah haji inggih meniko kesabaran. Kesabaran saget dados tolak ukur mabrur mbotenipun ibadah haji. Meh sedoyo

proses ibadah haji mbetahaken kesabaran, milai saking pendaftaran, pelaksanaan, dumugi kondur wonten tanah air meniko.

Tanpo kesabaran jamaah haji mboten bakal mungkin mampu nglampahi sedoyo rangkaian ibadah haji ingkang mbetahaken kekuatan fisik kaleh mental kados thowaf, sa'i, wukuf wonten arafah lan mbalang jumrah.

Insya Allah kesabaranipun poro calon jamaah haji ingkang mengalami penundaan saget ndadosaken wasilah mabruripun haji ingkang bakal dugi sak mangkeh.

Hikmah ingkang nomer kaleh inggih puniko kepasrahan utawi tawakal dumateng sedoyo ketentuanipun Gusti Allah Subhanahu Wata'ala. Terkait meniko Allah subhanahu wata'ala sampun paring panduan, nalikane kito anggadahi tekad bulat nglampahi setunggal perkawis, kita kedah pasrah dumateng Allah subhanahu wata'ala.

Hal ingkang kados meniko termaktub wonten QS Ali Imran ayat 159:

فَإِذَا عَرَضْتَ فَتَرَكْتُمْ عَلَى اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَوَكِّلِينَ

"Nalikane sliramu nduwene tekad bulat, mongko Tawakkalo marang Allah. Saktemene Allah iku Tresno marang wongkang podo tawakal".

Dengan ditunda nipun haji tahun meniko, poro jamaah haji kedah anggadahi keyakinan lan pasrah dumateng Allah, keranten ingkang kados meniko mboten lento injih katetepanipun Gusti allah. Haji piyambak merupakan ibadah ingkang di awali kalian manah ingkang pasrahm keranten kedah kesah tebih ninggalaken tiyang-tiyang ingkang dipun tresnani, kedah berjuang ngrampungaken sedoyo rukun lan wajib haji.

Kain Ihram ingkang werni putih ingkang dipun agem poro jamaah haji meniko saget damel tondo bilih poro jamaah haji meniko pasrah dumateng takdir Allah Subhanahu Wata'ala kados dene mayit ingkang dipun bungkus kain mori.

kanti kepasrahan meniko tentu ndadosaken jamaah haji lengkung tenang ing ndalem ngibadahipun.

Jamaah shalat Idul Adha hadākumullâh,

Ibadah nomer kaleh ingkang kita lampahi wonten kondisi ting tengah-tengah pandemi injih meniko ibadah Qurban. Ibadah qurban meniko langkung keraos manfaatipun kagem masyarakat ingkan sakmeniko kengeng imbasipun covid 19.

Katah masyarakat ingkang mboten saget memenuhi kebutuhanipun akibat pendemi puniko. Katah ingkang mboten saget pados pangupo jiwo, katah ugi tiyang-tiyang ingkang kelangan pendamelanipun.

Kurban saget dados bukti kepekaan sosial masyarakat ingkang mampu dumateng masyarakat ingkang lemah. Ibadah kurban nyadaraken kito bilih harta ingkang kito gadahi mboten sepenuhnya milik kito, Harta kalian materi ingkang wonten dunyo puniko namung titipanipun Gusti Allah. ingkang ting mriku wonten hak-hak ipun tiyang lento.

Kenikmatan ingkang kita raosaken mboten bakal kirang sekedik mawon nalikane dipun bagi kalian tiyang lento melalui pembelian hewan kurban. kita kedah sadar bilih hakikatipun maringi sami kalian nampi.

Menungso mboten perlu khawatir keranten nikmat Allah subhanahu wata'ala puniko katah sanget. Saking katahipun nikmat Allah, kita mboten bakal saget ngetang. Allah subhanahu wata'ala sampun ngendiko:

وَإِنْ تَغْدُوا بِغَمَّةَ اللَّهَ لَا تُخْصُوهَا إِنَّ اللَّهَ لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ

Lan lamun siro ngetung-ngetung nikmate Gusti Allah, Yektine siro ora bakal iso milang-milang jumlahe. Saktemene Gusti Allah estu Moho paring pangapuro lan Maha welas asih". (QS: An-Nahl : 18)

Pengorbanan harta lewat hewan kurban meniko, kita berusaha nyedak dumateng Gusti Allah subhanahu wata'ala. Meniko selaras kalian makna kurban, yakni saking asal kata bahasa Arab qariba-yaqrabu -qurban wa qurbanan wa qirbanan, ingkang arosipun cedak. Sehingga kurban anggadahi makna mendekatkan diri kepada Allah.

Jamaah shalat Idul Adha hadâkumullâh,

Dengan Ibadah kurban wonten ing masa pandemi puniko, kita saget mendet kaleh hikmah. Ingkang pertama hikmah vertikal, yakni soyo caket kita kalian Allah subhanahu wata'ala.

Hikmah nomer kaleh, hikmah horizontal yakni soyo caket kalian sesama manusia kanti lantaran berbagi rezeki wonten ing tengah masa sulit pandemi meniko. *Wallahu a'lam*.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ آيَةٍ وَذِكْرٍ الْحَكِيمِ وَتَقْبَلَ اللَّهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تَلَوْتَهُ وَإِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ،
وَأَقْرُونَ قَوْلِي هَذَا فَلَا تَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

Khutbah II

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَزْوِيقِهِ وَلَمْتَابِهِ. وَأَشْهُدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَنَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهُدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولَهُ الدَّاعِي إِلَى رَضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَهْلِ
وَاصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا.

إِنَّمَا بَعْدَ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ إِذَا مَرَّ وَأَتَتْهُوا عَمَّا نَهَا وَاغْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِإِيمَرِ بَدَأْ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَثَنَى بِمَلَائِكَتِهِ بِقُدُسِهِ وَقَالَ تَعَالَى
إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصْنَعُونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا.

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلِّ اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلِّمْ وَعَلَى أَهْلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَئِبَّاتِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلَائِكَةَ الْمُغَرَّبِينَ وَأَرْضَ اللَّهِ عَنِ
الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلَى وَعْنَ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالثَّابِعِينَ وَتَابِعِي الثَّابِعِينَ لَهُمْ بِالْخُسْنَانِ إِلَيْ يَوْمِ الدِّينِ وَأَرْضَ عَنِ
مَعْهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ.

اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشَّرِكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَانصُرْ عِبَادَكَ الْمُؤْجِيَّةَ وَانصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْدُلْ مَنْ مَنَّ خَدَلَ الْمُسْلِمِينَ وَ
نَمَرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَاغْلِي كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. اللَّهُمَّ ادْفِعْ عَنِ الْبَلَاءِ وَالْوَبَاءِ وَالرَّازِلَ وَالْمَحَنَ وَسُوءَ الْفَتْنَةِ وَالْمَحَنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا
بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا إِنْدُونِيسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبَلَادَنِ الْمُسْلِمِينَ عَامَةً يَا رَبُّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا لَتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَفِي عَذَابِ
النَّارِ.

رَبَّنَا ظَلَمَنَا أَنْفُسَنَا وَلَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمَنَا لَنْكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ. عِبَادَاللَّهِ ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ
الْفُحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعْظِلُكُمْ لَعْلَمُ تَذَكَّرُونَ وَاذْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذَكَّرُكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعْمَهِ يَزْكُرُكُمْ وَاذْكُرُ اللَّهَ أَكْبَرُ.